

2nd. Grade 1st. quarter assessment

1. Li ti istwa sa e repond kesyon sa yo.

Yon jou lakay Yann, zanmi l Sam di li : “Ou renmen fè desen. Desine foto mwen.” Yann di li “ou menm ou renmen chante. Chante yon ti chante pou mwen.” Yann desine foto Sam ki ap chante. Li chante yon chante de Yann ak tout kreyon li yo. Yo tou lè de te kontan e yo kontinye ap chante e desine jis tan li te lè pou yo ale lakay yo.

De ki lès istwa a pale? _____

Nan Ki kote istwa a pase? _____

Ki sa ki pase nan istwa a? _____

Ki sa ki pase nan kòmansman istwa a: _____

Ki sa ki pase nan mitan istwa a: _____

Ki sa ki pase nan fen istwa a: _____

2. **Men lis vwayèl yo: a, e, è, i, o, ò, an, en, on, ou**

Fè yon wonn sou vwayèl ou jwenn nan mo sa yo:

Chat – kanpe – jou – fwa – reponn – poul – klòch – kiyè – jaden – move –

3. Ak ki lèt mo sa yo kòmanse. Fè yon wonn otou lèt sa a

Danse lesou lakou Bwè krab

Fini Won pitit kodenn

4. Pami mo sa yo ki lès ladan yo ki sonnen menm jan?

| | |
|--------|--|
| tounen | Mennen – bougonnen - akasan – melon – fennen – nen - |
| kann | Parann – marenn – kabann – katon – bannann – anvan - |
| Poul | Tout – boul – pou – woul – sekou – moul – gou - chou - |
| kochon | Chabon – bouchon – pichon – tòchon – talon – pouchon - |

5. Imajinasyon/Reyalite

Li fraz sa yo, ekri **wi** si se yon **reyalite** e **non** si se yon **imajinasyon**.

- a) Demen m ap vwayaje nan avyon _____
- b) Demen m ap vole tankou yon chen _____
- c) Zwazo a vole li al poze sou pye bwa a _____
- d) Zwazo a vole li al nan lalin _____

6. An nou chèche sa mo sa yo vle di .

| |
|-------------------------------------|
| Diferan – lèt – deplase – pòv - atè |
|-------------------------------------|

-----: yon kote ou mache sou li.

-----: li te la, li pa la ankò.

-----: chak jou faktè a kite l nan bwat la deyò a.

-----: lè ou pa gen lajan.

-----: tifi ak ti gason pa menm.

7. Li istwa a. Trase yon venn dayagram pou konpare ak bay enfòmasyon ki diferan nan tèks la.

Lisyen ak Mimoz

Lisyen ak Mimoz se de timoun. Yo gen menm laj : uitan.

Lisyen se yon ti gason. Mimoz se yon tifi. Mimoz ap viv ak manman li epi yon ti sè. Li pa gen papa. Kay Mimoz fèt an planch. Pa gen lakou. Mimoz gen yon bèl ti chat.

Lisyen ap viv ak manman li, ak papa li. Li pa gen ni frè, ni sè. Lisyen gen yon bèl ti chen. Kay Lisyen fèt an mi. Li gen lakou ak plizyè pyebwa. Mimoz renmen ale kay Lisyen.

8. Apre chak non yo make sengilye oswa pliryèl.

| | |
|-----------|--|
| Chèz yo | |
| Liv la | |
| Soulye yo | |
| Jou a | |
| Mango yo | |

9. Fè yon wonn otou mo ki vle di menm bagay

- a) Kontan – gade – pale – wè
- b) Plizyè – malad – anpil – wout
- c) Basen – pike – pisin – poto
- d) Miwa – mizik – glas – mòn

10. Fè yon wonn otou mo ki vle di lekonntrè

- a) Piti – chat – gwo – figi
- b) Fèmen – fènwa – ouvri – move
- c) Tris – kout – chita – kontan
- d) Difisil – kay – fasil - kase